

Florida Health Literacy Initiative
PRE-HEALTH LITERACY ASSESSMENT

Tanpri reponn sou fèy repons-la apa. Li chak kesyon epi ranpli sèk la avèk lèt ki koresponn ak repons kòrèk la.

1. Pou achte medikaman san preskripsyon nan yon famasi ou dwe gen yon preskripsyon.

A. Vrè

B. Fo

2. Pifò moun manje twòp fib.

A. Vrè

B. Fo

3. Mwen konnen ki kote nan kominote-a, mwen ka ale pou jwenn swen medikal gratis oswa pri ki ba.

A. Vrè

B. Fo

4. Etikèt Medikaman yo montre ou dat ekspirasyon an.

A. Vrè

B. Fo

5. Si medikaman mwen ekspire, mwen dwe pale ak famasyen-an oswa doktè.

A. Vrè

B. Fo

6. Opresyon se lè kò ou gen pwoblèm pou itilize sik pou fè enèji.

- A. Vrè
- B. Fo

7. Fib ede kò a elimine toksin.

- A. Vrè
- B. Fo

8. Kilè ou ta dwe wè yon doktè?

- A. Sèlman lè ou malad
- B. Lè ou malad epi pou fè yon chèk chak ane
- C. Sèlman nan ijans

9. Kisa "pran yon grenn de fwa pa jou" vle di?

- A. Pran yon grenn nan de fwa diferan nan menm jou a.
- B. Koupe yon grenn an de epi pran chak mwatye nan diferan moman nan jounen an.
- C. Pran de grenn an menm tan yon fwa pa jou.

10. Si ou gen nen bouche epi ou pa ka respire nan nen ou, sa vle di ke ou geyen:

- A. Konjesyon
- B. Konstipe
- C. Tèt vire

11. Kilès nan manje sa yo ki pi wo nan kaboyidrat?

- A. Pòm detè
- B. Vyann
- C. lwil oliv

12. Ki lòt non sèl la genyen?

- A. Soda
- B. satire
- C. Sodyòm

13. Si yon mo kòmanse ak Cardio- li pwobableman vle di li gen rapò ak:

- A. Po
- B. Kè
- C. Je

14. Ki sa ki yon franchiz asirans?

- A. Pòsyon ke ou menm oswa patwon ou peye pou asirans lan.
- B. Kantite lajan ou dwe peye anvan konpayi asirans ou kòmanse peye.
- C. Yon pwoblèm sante ke ou te genyen anvan ou te resevwa asirans sante ou.

Li tèks sa a pou reponn kesyon nimewo 15 ak 16:

ENFOMASYON SOU NITRISYON

Sèvi Gwosè 1 tas (228g)

Sèvi Gwosè pou chak veso 2

Kantite pou chak pòsyon

KALORI 250	Kalori soti nan grès 110
	%Valè chak jou
Total Grès 12 g	18%
Grès satire 3g	15%
<i>Trans</i> grès 3g	
Kolestewòl 30mg	10%
Sodyòm 470 mg	20%
Total Kaboyidrat 31g	10%
Fib dyetetik 0g	0%
Sik 5g	
Pwoteyin 5g	

15. Doktè ou te mete ou sou yon rejim alimantè ki pa gen anpil grès (ou pa ta dwe manje plis pase 10 gram grès pou chak manje.) Selon etikèt manje ki anwo a, ou ka manje yon bwat makawoni ak fwomaj pou dine epi rete nan kantite grès rekòmande pou chak manje.

A. Vrè

B. Fo

16. Ki kantite sèl ki genyen nan yon pòsyon makawoni ak fwomaj?

A. 30 mg

B. 250 mg

C. 470 mg

Tanpri chwazi pi bon repons lan:

17. Ki nan sa ki annapre yo se pa yon maladi kwonik?

- A. Opresyon
- B. Grip
- C. Dyabèt
- D. Maladi kè

18. Ki sa ki se yon fòm istwa sante?

- A. Yon fòm ou ranpli pou di doktè ou sou pwoblèm sante pa ou ak fanmi ou.
- B. Yon fòm ou ranpli pou ou ka poze doktè ou kesyon
- C. Yon fòm ou ranpli pou aplike pou asirans sante.

19. Ki sa ki se yon faktè risk komen pou dyabèt?

- A. Lè ou twò gwo
- B. Fimen
- C. Doulè nan lestomak

Continue to next page



Li tèks sa a pou reponn kesyon nimewo 20 ak 21:

GARFIELD, ANA MARIA	16 Apr 2017
RX# FF941858	Dr. LUBIN, MICHAEL
PENISILLIN VK 250MG/grenn	30 grenn blan wonn
Pran 1 grenn nan bouch 3 fwa pa jou pandan 10 jou.	
2 Renouvèlman	

20. Si ou pran tout tablèt jan doktè ou preskri li, konbyen tablèt ou pral rete apre dis jou?

A. 0

B. 10

C. 30

21. Lè tout grenn yo fini, konbyen fwa ou ka mande plis grenn ak preskripsyon sa a?

A. 0

B. 2

C. 10